

PWOTEKSYON KONSOMATÈ

KONSÈY POU JENN ADILT

KONSÈY RAPID POU

PRETE LAJAN POU

ACHTE MACHIN

Yon machin se youn nan pi gwo acha ou pral fè. Asire ou kapab peye pou machin ou vle achte an. Si ou bezwen prete lajan, asire ou li san danje ak ekita. Menm kèk konsèy ou ta dwe sonje.

- **Gade bidjè ou a epi deside konbyen lajan ou kapab peye touswit ak konbyen lajan ou ka peye alontèm.** Pa bliye tout depans ki asosye ak machin lan, tankou asirans, pakin, gaz, peyaj ak reparasyon yo.
- **Tcheke rapò sou kredi ou nan annualcreditreport.com epi korije tout erè ki genyen.**

ENPÒTAN

Anvan ou fè yon demann pou prete lajan pou achte machin, li enpòtan pou asire ou istwa kredi ou kòrèk. Si ou korije erè ki sou rapò sou kredi ou, sa gendwa amelyore kot kredi ou epi fè ou kalifye pou yon prè lajan ki gen pibon kondisyon.

- **Chèche jwenn yon apwobasyon alavans pou yon prè lajan.** Si ou konnen to prè a sa pral ede ou konpare òf enstitisyon finansyè yo. Itilize pwòp bank ou oswa kès depay ou poutèt sa ka bay plis pwoteksyon si vin gen yon pwoblèm.

- Chèche jwenn valè machin lan. Tcheke Gid Asosyasyon Nasyonal Konsesyonè Machin (National Automobile Dealers Association – NADA), Edmunds, ak Kelley Blue Book pou jwenn pri mwayen machin ou gen lentansyon achete ak echanje.

LYEN ENPÒTANGid NADA yo nadaguides.comEdmunds: edmunds.comKelley Blue Book: kbb.com

- **Tcheke lisans konsesyonè a anvanm ak plent yo deja pote kont li.** Se pou tout konsesyonè machin dezyèm men akredite opòrè Depatman Zafè Konsomatè (DCA). Ou kapab chèche yon moun ki akredite sou Entènèt nan nyc.gov/consumers. Epi tou ou kapab rele 311 (212-NEW-YORK andeyò NYC) pou jwenn plis enfòmasyon sou akreditasyon yon biznis oswa pou tcheke tout istwa plent yo te janm pote kont yon biznis.

ASISTANS GRATIS

Chèche jwenn konsèy finansye pwofesyonèl nan Sant Otonomizasyon Finansye Vil Nouyòk (NYC Financial Empowerment Center). Konseye yo gendwa ede ou kreye yon bidjè, ede ou konprann rapò kredi ou, amelyore kot kredi ou epi plis bagau toujou. Rele 311 pou pwograme yon randevou kote ou rete oswa al gade nan nyc.gov/consumers pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn yon kopi gratis de rapò sou kredi ou epi analize li byen.

Al gade nan annualcreditreport.com oswa rele nimewo gratis 1-877-322-8228.

LÒT RESOUS

Li Gid DCA pou Achtè Machin Dezyèm Men pou kapab jwenn konsèy lè ou kay konsesyonè a epi pou pwoteje tèt ou lè gen modèl machin fabrikan an deside rebran poutèt gen pwoblèm teknik. Al gade nan nyc.gov/consumers.

Osijè Konsèy Rapid sou Pwoteksyon Konsomatè pou Jenn Adilt

Jenn adilt konfwonte ak difikilte toulejou antanke konsomatè. Depatman Zafè Konsomatè (DCA) te kreye yon seri fèy ak konsèy ou edike tout jenn moun osijè dwa yo genyen ak fason desizyon yo pran sou fason pou depanse lajan yo gendwa enpakte lavni yo.



Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

**Department of
Education**

Carmen Fariña
Chancellor